# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 मई 2024 भोजपुरी समाचार

लोकसभा चुनाव क पचवां फेरा में प्रदेस क चौदह सीटिन बदे बिहने ओट परी। आजु येह संसदीय क्षेत्रन में पोलिंग पारटी पहुंचि रहल हौ। येह फेरा के सज्जों सीटिन पर काल्ही संझा पांच बजे परचार खतम हो गइल। अउर विवरण हमरे संवाददाता से......

***पांचवे चरण के मतदान की चौदह सीटें उत्तर प्रदेश के अवध और बुन्देलखंड इलाके में फैली हुई हैं. इनमें रायबरेली, अमेठी,लखनऊ,मोहनलालगंज,हमीरपुर,जालौन,झांसी,बांदा,फतेहपुर,कौशांबी,फैजाबाद,बाराबंकी,कैसरगंज और गोंडा शामल हैं। पिछले चुनाव में भाजपा ने इन चौदह में से तेरह सीटें जीती थीं. पार्टी जो एकमात्र सीट हारी वह रायबरेली थी, जिसे पूर्व कांग्रेस प्रमुख सोनिया गांधी ने जीता था। इन 14 सीटों पर इस बार कई दिग्गज मैदान में हैं. रक्षा मंत्री और वरिष्ठ भाजपा नेता राजनाथ सिंह तीसरी बार भाजपा उम्मीदवार के रूप में लखनऊ संसदीय सीट से चुनाव लड़ रहे हैं। राजनाथ सिंह का मुकाबला समाजवादी पार्टी के उम्मीदवार रविदास मेहरोत्रा और बहुजन समाज पार्टी उम्मीदवार सरवर मलिक से है. एक अन्य केंद्रीय मंत्री स्मृति ईरानी अमेठी में कांग्रेस के केएल शर्मा के खिलाफ चुनाव लड़ रही हैं। राहुल गांधी रायबरेली से बीजेपी के दिनेश प्रताप सिंह के खिलाफ चुनाव मैदान में लड़ रहे हैं. केंद्रीय मंत्री कौशल किशोर मोहनलालगंज सीट से तीसरी बार चुनाव लड़ रहे हैं। अयोध्या मंदिर के लिए मशहूर फैजाबाद लोकसभा सीट पर बीजेपी के लल्लू सिंह और समाजवादी पार्टी के अवधेश प्रसाद के बीच मुकाबला है. दूसरी अहम सीट कैसरगंज है जहां से बीजेपी के वरिष्ठ नेता ब्रजभूषण शरण सिंह के बेटे करण भूषण सिंह चुनाव लड़ रहे हैं. सुशील चंद्र तिवारी आकाशवाणी समाचार लखनऊ।***

स्वतंत्र अउर निस्पक्ष चुनाव बदे सज्जों मतदान केन्द्रन पर भारी तादाद में पुलिस पीएसी अउर पैरामिलेट्री जवानन के तैनात कइल गइल हौ।

**********

लोकसभा चुनाव के छठवां अउर आखिरी फेरा में सज्जों परटियन के प्रमुख नेता कई जगहिन पर चुनावी जनसभा के संबोधित कइले। भाजपा के वरिष्ठ नेता अउर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह जौनपरु जिला के मडियाहूं में कहलें कि जम्मू कश्मीर से धारा 370 हटावल भाजपा क प्राथमिकता रहे। भाजपा सरकार जम्मू कश्मीर क हिस्सा पाक अधिकृत कश्मीर ले कर रही। ओही जिला के शाहगंज में भाजपा के वरिष्ठ नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ जनसभा में कहलें कि उनकर सरकार बनी तक जौनपुर में विकास का गंगा बहि। आजमगढ़ लोकसभा क्षेत्र के मेहनगर अउर लालगंज लोकसभा क्षेत्र क फूलपुर में योगी कहले कि तीसरी बेरि भाजपा क सरकार बनी त 70 बरिस से बेसी लेगिन के मुफ्त इलाज होइ। भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्या संतकबीरनगर लोकसभा क्षेत्र क खजनी विधानसभा में चुनावी रैली के संबोधित कइले।

प्रयागराज में अउर फूलपुर में कांग्रेस नेता राहुल गांधी अउर सपा मुखिया अखिलेश यादव चुनावी जनसभा के संबोधित कइले। कांग्रेस के पूर्व अध्यक्ष राहुल गांधी कहले कि इण्डिया गठबंधन क सरकार कानूनी न्यूनतम समर्थन मूल्य क गारंटी देइ। किसान के करजा माफ कइल जाइ अउर अग्निवीर योजना के खतम कइ के सेना में पुरनकी भरती प्रक्रिया सुरू कइल जाइ। सपा मुखिया अखिलेश यादव कहले कि इण्डिया गठबंधन पक्का नौकरी दियाइ। उहां के दवा कइलि कि बेरोजगारन के ऊ लोग हर सालि एक लाख रूपिया देवे जा रहल हवे। वरिष्ठ कांग्रेस नेता दिग्विजय सिंह महराजगंज में इण्डिया गठबंधन के ओम्मेदवार क परचार कइले। उहां के पत्रकारवार्ता में कहली कि जनता कांग्रेस के घोषणा पत्र पर यकीन कइ रहल हौ अउर इण्डिया गठबंधन क सरकार बने जा रहल हौ।

ओहर बसपा सुप्रिमो मायावती मऊ जिला के मोहम्मदाबाद गोहना में घोसी लोकसभा क्षेत्रा में जनसभा के संबोधित करत कहलिन कि बसपा अकेले अपने बलिबूते चुनाव लड़ि रहल हौ। पारटी टिकट बटवारा में सर्व समाज के उचित भागीदारी देहल हौ।

**********

कोविड टीकाकरण क तरियन नियमित टीकाकरण के खातिर भी ऑन लाईन स्लाट बुक कइल जा सकी। ई जानकारी गोरखपुर के सी एम ओ डाक्टर आशुतोष कुमार दूबे दिहलन। उहां के बतवली कि यूविन पोर्टल के जरिया से टीकाकरण बदे स्लाट बुक करवले के साथे अभिभावक आपन अउर अपने लइकन क आभा आईडी खुदे बना सकेले।

**********

प्रदेस में दू अलगि–अलगि सड़क हादसा में पांच लोगिन के मउति हो गइल अउर सात जने घाही हो गइलें। अजोध्या जिला के रौनाही थाना क्षेत्र के सोहावल के नगीचे जयपुर से गोरखपुर जा रहल वोलवो बस अउर ट्रक क टक्कर में दुई यात्रियन के मउति हो गइल जबकि सात यात्री घाही हो गइले। इनकर इलाज मेडिकल कॉलेज में चलि रहल हौ। ओहर सीतापुर जिला के तंबौर रेउसा राही पर एगो बाइक सवार मामा अउर उनकर दू भानजियन के एगो वाहन टक्कर मारि देहलस जेह से तीनो लोगिन के मउति हो गइल।

**********